



MALDEN PUBLIC SCHOOLS

77 Salem Street, Malden, MA 02148
Telefòn: 781-397-6100 Faks: 781-397-7276
www.maldenps.org

John Oteri, M.Ed.
Siveyan Jeneral Lekòl yo

Kelly Chase, Ed.D.
Michael Wood, CAGS
Asistan Siveyan Jeneral Lekòl yo

5 Mas 2020

Chè Fanmi ak Pèsonèl Malden Public School yo:

Nou konprann fanmi ak pèsonèl yo gen kesyon sou Coronavirus (COVID-19) ak ki jan l gendwa afekte kominote Malden Public Schools la. Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi a (CDC), Depatman Sante Piblik Massachusetts la, ak Depatman Sante Malden nan, yo tout kontinye asire nou pa gen gwo danje imedyà pou piblik la an jeneral pou kounye a. Sepandan, n ap ankouraje fanmi yo pou yo pi vijilan toujou nan pran kèk prekosyon jeneral pou yo ka rete pi an sante posib.

Nou pran prekosyon nan lekòl nou yo lè nou fè netwayaj anplis epi nou asire n gen "hand sanitizer" ki disponib. Anplis de sa, nou kontinye travay depre avèk Ekip Jesyon Ijans Malden nan epi Depatman Lekòl la an kontak ak Depatman Sante a chak jou.

Aksyon nou site pi ba yo ka ede anpeche maladi respiratwa gaye:

- Lave men w souvan avèk savon ak dlo pou omwen 20 segonn
- Evite touche je w, nen w, ak bouch ou
- Evite pataje menm vè, gode, istansil manje, asyèt, sèvyèt, oswa lòt bagay ak lòt moun.
- Evite kontak pwòch avèk moun ki malad otank sa posib
- Rete lakay ou lè w malad
- Kouvri bouch ou lè w touse

Tanpri, kontakte mis lekòl la si w pa fin sèten si pitit ou dwe vin lekòl oswa rete lakay li. Yon elèv ki gen yon fyèv dwe rete lakay li pou omwen 24 èdtan apre fyèv la fin tonbe **san l pa** itilize medikaman pandan tan sa a.

Pou w jwenn plis enfòmasyon ak mizajou, tanpri, al gade sit wèb Depatman Sante Malden nan nan <https://www.cityofmalden.org/706/2019-Novel-Coronavirus>.

Malden Public Schools pral rete ouvè. Nou travay depre avèk otorite sante lokal yo, otorite sante eta yo, ak otorite sante federal yo, epi nou jwenn tout dènye enfòmasyon yo fèk bay yo. Si sitiasyon an chanje, ou mèt gen asirans n ap fè w konn sa tousuit.

Sensèman,
John Oteri, Siveyan Jeneral